



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 1/25/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKÒ POU PWOTEJE 800 AK TÈ AGRIKÒL AK FORÈ NAN TACONIC MOUNTAINS**

***Konplèks fèm High Valley nan Copake yo fenk pwoteje a twouve l sou kote 18.000 ak tè pwoteje nan twa eta***

***Anons lan fèt nan moman Gouvènè a anonse yon ogmantasyon istorik nan fon pou Pwoteje Anviwonman***

Jodi a Gouvènè Andrew Cuomo anonse yon akò konsèvasyon 800 ak ki pral pwoteje yon espas vital nan Taconic Park nan Columbia County. Akò a pral agrandi yon zòn enpòtan forè pwoteje Nan Taconic Mountains yo sou fwontyè New York ak Massachusetts, sak pral nan avantaj moun sa yo ki renmen bote natirèl rejyon sa, konsomatè manje ki pwodi lokalman, ak plis pase de douzèn bèt ak plant ra. Pwoteksyon Fèm High Valley nan Copake la se rezilta yon kolaborasyon plizyè lane ant The Nature Conservancy, Columbia Land Conservancy, New York State, ak mèt pwopriyete a, Edgar Masters.

“Prezèvasyon Fèm High Valley a se kontinyasyon angajman Eta New York pou pwoteje espas ki louvè ak istwa lidèship li nan anviwonman ki trè rich,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Bote natirèl ak vitalite agrikòl zòn sa se gwo motè kap fè ekonomi ak touris mache nan rejyon an, kidonk aksyon sa pral ede garanti yo rete konsa pou plizyè jenerasyon kap vini.”

Dapre akò sa a, Biwo ki Responsab Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York te achte yon dwa aksè pèmanan sou 660 ak tè aleta sovaj nan forè a; epi Columbia Land Conservancy an te achtae yon dwa aksè agrikòl pèmanan sou 140 ak tè. Pri total la te \$4 milyon, kote Eta a peye \$2,2 milyon ki soti nan Fon Pwoteksyon Anviwonman ak \$1,8 milyon ki soti nan The Nature Conservancy pou rive peye kòb yo te gen pou peye a. Columbia Land Conservancy ap konsève ak kontwole kondisyon dwa aksè yo.

Poutèt li te yon gwo pwopriyete prive ki te chita ant seksyon Copake Falls ak Rudd Point yo nan 6.700 ak tè Taconic State Park la, moso tè sa te reprezante yon gwo priyorite pou State Park nan tè k dwe pwoteje yo.

**Komisyonè pou State Parks Rose Harvey te di konsa, “Akò a garanti aspè krisyal**

peyizaj Taconic State Parks sa – yon pakèt espas forè youn akote lòt ale san rete – pap janm gen bwa koupe ladann, mòsle oubyen devlope pou lotisman, epi ap toujou rete yon peyizaj ak yon refij ekstrèman enpòtan pou tout espès vivan. New York gen anpil chans gen angajman Gouvènè Cuomo pou pwoteje espas ki louvri, jenewozite The Nature Conservancy pou ede ran li posib pou prezève bèl kote ki gen nan Eta nou an, anmenm tan ak patnèship Columbia Land Conservancy ak mèt tè a ki dakò fè yon vant charitab.”

**Wayne Klockner, Vis Prezidan ak Direktè Eta The Nature Conservancy nan Massachusetts te di konsa,** “Pwojè sa konsève abita ekstraòdinè nan rejyon sou twa eta a pou yon pil ak pakèt espès aleta sovaj ak tè agrikòl pou moun. N ap remèsye patenè nou yo pou travay san rete yo pou siyati akò sa.”

**Pwopriyetè High Valley Farm la, Edgar Masters, te di konsa,** “Mwen kontan anpil pou m fè tèt kole ak New York State Parks, The Nature Conservancy ak Columbia Land Conservancy pou pwoteje High Valley Farm. Byenke pwopriyete a rete prive epi sou wol enpo fonsye, chan li yo, bwa ak nati li yo pwoteje avi kont konstriksyon, investisman nan bwa ak mòsèlman forè. Avèk Taconic State Park ak Massachusetts Forest Preserve la toutotou li, pwoteksyon ak tè sa yo te fini travay la ki te kòmanse nan lane 1925 lè granpè mwen te bay Eta New York 38 ak tè pou tabli Taconic State Park.”

**Direktè Egzekitif Columbia Land Conservancy a, Peter R. Paden, te di konsa,** “Pwojè sa pwoteje yon zòn ki gen yon enpòtans konsèvasyon ekstraòdinè. Se yon plezi pou Columbia Land Conservancy kolabore ak patenè nou yo nan The Nature Conservancy, ak New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation ak Edgar Master pou reyalizasyon li. Se yon plezi ekstraòdinè pou n travay ak yon pwopriyetè ki gen yon koneksyon solid konsa ak pwopriyete li, yon gwo apresyasyon konsa pou valè ekolojik inik li ak yon solid angajman konsa pou pwoteksyon li avi.”

The Nature Conservancy, ki te alatèt pwojè a, te travay sere sere ak pati yo pou garanti de dwa aksè yo te pwogreje ansanm yon fason pou forè ak chan yo te ka pwoteje anmenm tan.

Anons lan vini pandan Gouvènè Cuomo ap pwopoze yon seri inisyativ pou kore eritaj pwoteksyon anviwonman New York la nan kad ajanda 2016 li a. Gouvènè a te anonse Eta New York ap afekte \$300 milyon pou Fon Pwoteksyon Anviwonman Eta a – kantite lajan ki pi elve ak plis pase doub nivo fon an lè Gouvènè a te premye antre nan administrasyon an. Ogmantasyon sa ap bay lajan ou pa janm wè pou investisman anviwonmantal ijan, ajoute resous pou acha tè, prevansyon tè agrikòl, prevansyon ak eliminyasyon espès anvayisan, revitalizasyon bòdmè ak yon ajanda jistis anviwonmantal agresif.

Konsèvasyon detounen kokenn menas konstriksyon rezidans yo – plizyè douzèn lotisman kay te ka dekoupe sou long fasad wout pwopriyete a – rejte posiblite jesyon forè ki pa kòrèk ak degradasyon abita, epi pwoteje avi bèl vi ki genyen sou peyizaj mayifik la. Sèvitid agrikòl ki plase sou pòsyon tè agrikòl pwopriyete a pral garanti chan

yo la pou agrikilti alavni, pandan l ap pwoteje resous sòl yo ak entegrite abita natirèl la, ki pral sipòte rezilyans tou.

Konplèks High Valley Farm lan nan limit New York's Taconic State Park and Massachusetts' Mount Washington State Forest and Bash Bish Falls State Park, ckote li konekte pak yo epi garanti tè forè yo rete antye san latwoublay. Kontra a garanti genyen yon pòsyon nan South Taconic Trail la ki kwaze pwopriyete a ki rete disponib pou piblik la byen ke rès propriyete a limenm rete yon byen prive. Anplis pwoteksyon abita ki esansyèl pou lanati, zwazo, pwason ak plant, tè forè konekte youn ak lòt sa a bay rezilyans fasa chanjman klima epi ap sipòte zannimo tout ras tankou ous nwa yo.

Pwojè High Valley a pwoteje tou tè agrikòl yo lwe bay yon agrikiltè lokal ki se yon manm Hudson Valley Fresh, yon koperativ pwodui letye ki la pou pwoteje eritaj agrikòl Hudson River Valley a. Rechèch pou manje ki pwodi nan High Valley Farm esansyèl pou twoupo 400 tèt betay Holstein lan ki chita toupre nan Copake.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418